



# Kijan pou Aplike pou RAFT

## Kisa RAFT ye?

Pwogram Asistans Rezidansyèl pou Fanmi ki nan Tranzisyon (RAFT) an ede fanmi ki sanzabri oswa fanmi ki riske vin sanzabri nan bay jiska \$ 7,000 pou konsève lojman aktyèl la oswa demenaje ale nan nouvo lojman

### Pou ki bagay RAFT ka peye?

- 1 Iwaye oswa ipotèk ki pa peye
- 2 sèvis publik ki pa peye
- 3 depans ki gen rapò ak demenajman (Iwaye premye/dènye mwa a, sekirite, kamyon demenajman, ak/oswa mèb)

**Peman RAFT yo pral jwenn mèt kay la, founisè sèvis publik, sèvis ipotèk, oswa lòt founisè.**

### Kiyès ki elijib?

- Rezidan Massachusetts ki riske sanzabri oswa twouve yo nan enstabilite lojman akòz degèpisman potansyèl, pèt sèvis publik, ak lòt ijans lojman. *Estatimigrasyon pa konsidere pou aplikasyon RAFT*
- Revni ki nan oswa anba 50% Revni Medyàn Zòn (AMI)\*, oswa 60% AMI pou fwaye ki nan risk vyalans domestik

\*Tcheke AMI pou vil/vilaj ou isit la:

<https://hedfuel.azurewebsites.net/raa.aspx>

**Pou tcheke si ou elijib pou vizit  
RAFT: [www.mass.gov/info-details/how-to-apply-for-raft](http://www.mass.gov/info-details/how-to-apply-for-raft)**

### Kijan pou aplike pou RAFT

#### Aplike pou RAFT sou entènèt isit la: <https://applyhousinghelp.mass.gov/>

Anvan ou kòmanse aplikasyon w lan, asire w ou gen dokiman sa yo pare pou telechaje:

- Kat ID chèf fwaye a
- Prèv lojman aktyèl (egzanp: kontra Iwaye aktyèl ou oswa akò Iwaye)
- Prèv kriz lojman ki elijib ak peman anreta (egzanp: yon Avi pou Kite pwopriyetè w la ba ou; avi degépisman; deklarasyon ipotèk ki montre twa mwa reta; oswa dokiman ki montre ou pa ka rete lakay ou akòz sante, sekirite, oswa lòt rezon)
- Prèv revni si w pa resevwa sèten pwogram DTA oswa MassHealth (egzanp: souch peman, lèt avantaj)
- Enfòmasyon kontak mèt kay la/pwopriyetè a. Pwopriyetè/mèt pwopriyete a pral bezwen ranpli yon aplikasyon tou.

**Pou plis enfòmasyon sou fason pou  
aplike vizite: [www.mass.gov/info-details/how-to-apply-for-raft](http://www.mass.gov/info-details/how-to-apply-for-raft)**

#### Pou èd adisyonèl:

Rele 211 pou enfòmasyon sou pwogram nan zòn ou an oswa vizite Mass211.org

Si w kalifye pou Abri Familyal Ijans EA, pale ak manadjè ka w la konsènan HomeBASE.  
[www.mass.gov/info-details/homebase](http://www.mass.gov/info-details/homebase)

COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

**Biwo Egzekitif Lojman ak Kominote Vivab yo**

Divizyon Estabilizasyon Lojman | Resous Abri pou Ijans | Dènye Mizajou: 10/30/2023 | ANGLE

